Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

Гумбет районалъул газета

№ 20 (6652) 22 апрель 2019 с. Итни ШагIбан 1440 с. Багьа эркенаб

СИЯСАТ

## ХIажимурад МухIамадов: «Бакълъулазул районалъулги Дербент шагьаралъулги гьоркьорлъаби щула гьаризе руго»

### Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов дандчIвана Дербенталъул мэр Хизри Абакаровгун

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер, Олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадов хIалтIулаб сапаралъ ана Дербент шагьаралде ва дандчIвана гьеб шагьаралъул мэр Хизри Абакаровгун.**

Гьез дандрана цадахъал спортивиял, маданиял, туристлъиялъулал ва цогидалги проектал гIумруялде рахьинариялъул, цадахъ рекъон хIалтIиялъул суалал.



Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна Дербент дунялалъул культура цебетIеялъул гьанситолъун, Каспий ралъдал рагIалда бугеб кIудияб кIваралъул шагьарлъун ва портлъун кколин.

«Россиялъул ва Дагъистаналъул нухмалъулез кIудияб кIвар кьолеб буго Дагъистан Республика ва Дербент шагьар кинабго рахьалъ цебетIезабиялде. Гьеб мурадалда хIадур гьарун руго хасал программаби. Нарынхъала ва цогидалги тарихиял памятникал ккола ЮНЕСКОялъ цIунулел, тIолгодунялалъул маданияб кIваралъул бакIал. Дербенталде цIазе ккола Дагъистаналдаса туристал. Нилъер республикаялъе хIажат буго туризм цебетIезабизе. Бакълъулалги гIемер уна Дербенталде. ГIадамал зияраталъ уна Кырхляр хабалалъе, какал рала улкаялда бищун цебе бараб мажгиталъур»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ДандчIваялда рорхана спортивияб махщел борхизабиялъул, гIемер гIадамал гIахьаллъарал спортивиял тадбирал тIоритIиялъул ва цогидалги суалал. ДандчIваялда гьединго гIахьаллъана спорталъул мустахIикъав мастер, Европаялъул щуцIолго чемпион КъурамухIамад КъурамухIамадов, жубараб речIчIухьанлъиялъул рахъалъ дунялалъул чемпион МухIамад Маликов ва цогидалги. Гьебго къоялъ Дербенталъул педагогическияб колледжалда рагьана спортивияб зал ва гьеб рохалилаб дандеруссиналда гIахьаллъана ХIажимурад МухIамадовги.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## ЕГЭялъул баллал дагьал выпускниказе медалал щвезе гьечIо

### «150 школа» программаялда гIахьаллъизе хIисабалде босун буго Бакълъулазул анкьго школалъ

**15 апрелалда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана республикаялъулаб «150 школа» программа гIумруялде бахьинабиялъул, росабалъе газ бачиналъул ва цогидалги кIвар бугел суалал гьоркьор лъураб данделъи.**

Гьенир гIахьаллъана федералияв, республикаялъулал ва муниципалияв идарабазул хIалтIухъаби, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, районалъул администрациялъул аппараталъул, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзаби ва цогидалги.

Данделъи рагьана ва бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

Федералияб казначействоялъул Управлениялъул Гумбеталда бугеб №19 отделалъул нухмалъулев АхIмад Мансуровас тIадчIей гьабуна финансовиял операциял тIуралаго законазул тIалабал цIунизе ккеялда.

Дагъистаналъул МФЦялъул Гумбеталда бугеб филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бихьизабуна араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъ гьабулаго 203 гIарза тIубараблъи.

Дагъистанстаталъул Гумбеталда вугев бетIерав специалист-эксперт МухIамад Лабазановас бицана 2020 соналда ТIолгороссиялъул халкъалъул переписалде хIадурлъиялъул,



ГИС, ЖКХ, ФИАС программабаздасан баянал ва цогидалги материалал хIажат рукIиналъул.

Централияб больницаялъул бетIерав врачасул ишал тIуразарулев МухIамадхIабиб Абакаровас бицана сахлъи цIуниялъул бутIаялда бугеб хIал, МахIачхъалаялде медицинаялъул вертолеталда гьоркье вортун захIматго вугев гIолилав щвезавиялъул ва хIажатаб медицинаялъул кумек унтарасе гьабиялъул.

Бакълъулазул районалъул гIолилазул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна тренингалда. Дилималда тIоритIарал гьудуллъиялъулал мини-футболалъул къецазда казбекалъулазда бургьана Гумбеталъул команда. Районалъул цIалдохъабаз гIахьаллъи гьабуна Унсоколо районалъул Шамилхъала поселокалда тIобитIараб рагъулабгун спортивияб «Зарница» хIаялда. ГIолилазул политикаялъул дициял суалазул рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи МухIамад Зубайировас баян гьабуна гьеб бутIаялда бугеб хIал.

Культураялъул учреждениязул КIудияб ВатIанияб рагъда бергьенлъи босаралдаса 74 сон тIубаялъул байрамалде гьабулеб бугеб хIадурлъиялъул бицана райадминистрациялъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулесул заместитель МухIамад ГIумардибировас.

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас кIвар кьуна газалъул мухъал къачIаялъул ва цогидалги суалазде.

«Гумбетовское ДЭП №10» ОАОялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевасул баяназда рекъон, Хасавюрт-Кьохъ, Игьали-ЦIаналъ, ХIаригабурлъухъ ва цогидалги участкабазда шагьранухазе ремонт гьабулеб буго.

Экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов араб анкьалъ щвана районалъул СПКаязул хьутабазде, лъазабуна гьениб бугеб хIал, баян кьуна издалил культураби рекьиялъул.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ГIумраялде ине путевкаги къиматал сайгъаталги
-2 гьум.



«Дун росулъа вас вуго»
-2 гьум.



Нилъер ВатIаналда тIад кIкIуй бетидал…
-3 гьум.



Внимание: корь!
4 стр.

ДИН ВА ГIУМРУ

# ГIумраялде ине путевкаги къиматал сайгъаталги

### «Ас-салам» газеталъул къо тIобитIана Бакълъулазул районалда

**Нижеца цебеккун лъазабухъе, гьаб соналъул 9 апрелалда, Бакълъулазул районалъул администрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана Дагъистаналъул бусурбабазул рухIияб лъайкьеялъул «Ас-салам» газеталъул хIурматалда мажлис. «Ас-саламалъул» къо тIобитIиялда гIахьаллъана 450-ялдаса цIикIкIун чи.**

Мажлисалда гIахьаллъана ДРялъул Муфтияталъул вакилзаби, авар мацIалда бахъулеб «Ас-салам» газеталъул редактор ГIабдулагь МухIамадов, гIарабазул улкагIодобе биччараб ахIвал-хIал цIунизе. Дунялалъул терроризмалъул къурбаналлъун ккана «Ас-салам» газеталъул рахь ккурал, гьеб кватIибе биччалел гIалимал.

Гьеб газеталъе кьучI лъуна Дагъистаналъул муфтийлъун хIалтIула диналъе ва ритIухълъиялъе гIоло гIумру кьурав СайидмухIамад-хIажи Абубакаров вугев заманалда. Шайих АхIмад Афандицаги кIудияб кIвар кьолеб буго «Ас-салам» газеталде. Гьеб кватIибе биччала Россиялъул чанго батIияб мацIалда, гьелъул гIаммаб тираж 150 азарго экгIалимзабазул бугеб лъикIаб гьоркьоблъиялъул. Рехсана 23 пачалихъалъулгун цадахъ рекъон хIалтIиялъе къотIаби рукIиналъул, хIалбихьи цоцазе щвеялъе гьелъул кIваралдаги тIадчIей гьабуна.

Авар мацIалда биччалеб «Ас-салам» газеталъул редактор ГIабдулагь МухIамадовас бицана гьеб басмаялъул хIаракатчилъиялъул, гьабуна вагIза, киналго ахIана щвараб лъаялда гIей гьабичIого цIикIкIун тIадеги лъай щвеялъе гIоло кьеркьезе, бичIчIизабуна динги исламги кIочене бегьулареблъи, «Ас-саламалдасан»




базда ДРялъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил, Муфтияталъул халкъазда гьоркьосеб отделалъул нухмалъулев Шигьабудин ХIусейнов, гьесда цадахъ вачIарав диният гIалимчи, хIафиз, МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) наслуялъул чи Йеменалдаса Ибрагьим АхIмад, Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров ва цогидалги. Мажлисалде рачIана районалъулго росабалъа вакилзаби.

Мажлис баркиялъулал рагIабаздалъун рагьана ва бачана районалъул имам Шамил Назировас. Гьес хирияб Къуръаналдаса аят цIализе рагIи кьуна диният гIалимчи, хIафиз, МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) наслуялъул гIарабав, Йеменалдаса Ибрагьим АхIмадие.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас гьалбадерида ва районцоязда баркана «Ас-саламалъул» къо.

«ХIурматиял гьалбал, гIалимал, «Ас-салам» газеталъул вакилзаби, гьалбал хирияб Бакълъулазул районалда ракI-ракIалъулаб салам кьолеб буго нужее. Баракатаб батаги жакъасеб мажлис. Чанго анцIго сон буго дица «Ас-салам» газета хъвалелдаса. Гьелъул тIоцебесеб номер кватIибе биччана 1994 соналъ, нилъер улкаялъе ва Дагъистан Республикаялъе захIматал соназ. Гьеб заманалда хIажат букIана хIакъикъияб ислам бичIчIинабизе гIакъилаб, цIодораб рагIи. КватIибе биччазе байбихьаралдасаго газеталъ гIемераб хIалтIи гьабуна терроризмалъул идеологиялда данде кьеркьеялъе, гIадамал ахIана лъикIабщиналдаса пайда босиялде, адаб-хатиралда, цоцазда ричIчIун хьвадиялде, тIабигIат берциналлъун, иман щулияллъун рукIине.

ДРялъул рухIиял церехъабазул, «Ас-салам» газеталъул хIаракатчилъиялъ кумек гьабуна республикаялда рекъел, земпляр буго.

Муфтиязул ва шайихазул ватIан хIисабалда Бакълъулазул районалъ кидаго рахъ ккуна ва кколеб буго республикаялъул рухIияб идараялъул байбихьиязул ва хIаракатчилъиялъул. «Ас-салам» газета хъваялъеги цебесеб кьерда буго. Районалъул администрациялъ гIолеб гIелалъе рухIиябгун лъикIаб гIамалхасияталъул тарбия кьеялъул, экстремизмалъулгун терроризмалъул зарал бичIчIизабиялъул рахъалъ цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIула ДРялъул Муфтияталъулгун, рухIиял церехъабазулгун, районалъул имамасулгун, росабазул диниял церехъабазулгун. Бакълъулаз жигараб гIахьаллъи гьабулеб буго ГIиса аварагасул (гI.с.) цIаралда бугеб рухIиябгун лъайкьеялъул центр баялда, республикаялда анцI-анцI мажгитал, как балел рукъзал раялда»,-ян абуна МухIамад Хъарагишиевас.

Дагъистаналъул муфтий шайих АхIмад Афандил цIаралдасан мажлисалъул гIахьалчагIазда баркана ДРялъул Муфтияталъул председатель ГIабдула Салимовас. Гьединго кIалъазе рахьана МугIрузул территориалияб округалда Муфтияталъул вакил ХIабиб МухIамадов, ДРялъул Муфтияталда цебе бугеб лъайкьеялъул Гумбеталда бугеб отделалъул нухмалъулев МухIамадрасул МухIамадов, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Маккашарипов ва цогидалги.

Жиндирго кIалъаялда ДРялъул Муфтияталъул гIарабазул улкабазда вакил, республикаялъул Муфтияталъул халкъазда гьоркьосеб отделалъул нухмалъулев, гIараб филологиялъул доктор Шигьабудин ХIусейновас бицана ГIагараб Бакъбаккул улкабазулгун цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIул, Дагъистаналдехун гIарабиязул пачалихъазул бокьараб суалалъе жаваб щвезе рес букIин.

Мажлисалда можоро бахъана лъагIалие «Ас-салам» газета хъваразда ва залалда гIодор чIаразда гьоркьоб. ГIумраялде ине путевка бергьана Игьали росдал мадрасаялъе. Къиматал сайгъатазда гьоркьор рукIана пылесос, кофеварка, иту ва цогидалги рукIа-рахьиналъул тIагIелал.

ДРялъул Муфтияталъул лъайкьеялъул отделалъул мугIрузул территориалияб округалда нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадовас ва ЧIиркъатIа росдал имам ЖабрагIил ХIусейновас ахIана назму. МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хIадисал рицана, диниял, рухIиябгун тарбия кьеялъул темабазда суалал-жавабал кьуна МелъелтIа ясли-ахалъул лъималаз. Балагьараз лъикIаб кьимат кьоледухъ гьитIичал камилго хIадур гьарун ругоан воспитателал ГIайшат Абакаровалъ ва Къурмагьиз Халидовалъ. Имам Шамилил гIумруялъул хIакъалъулъ сценка бихьизабуна Бакълъулазул районалъул культураялъул ва туризмалъул отделалъул театралияб коллективалъ.

Мажлисалда хирияб Къуръаналдаса аят цIалана республикаялъулаб конкурсалда как ахIиялъе бергьарав Шамил Батирмирзаевас.

Дагъистаналъул Муфтияталъул вакилзабаз баркалаялъулал кагътал кьуна районалъул администрациялъул хIалтIухъабазе ва «Ас-салам» газета тIибитIизабуразе. Муниципалитеталъул администрациялъ хIурматалъул грамотаби кьуна рухIиябгун лъайкьеялъул жигарчагIазе. Мажлисалъул гьабадерие буртаби, гIунсби ва цогидалги къиматал сайгъатал кьуна.

Мажлис лъугIана дугIа гьабиялдалъун.

**Къурмагьиз ХIадисова**

# ЕГЭялъул баллал дагьал выпускниказе медалал щвезе гьечIо

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)**

«Лъималазул спорт» проекталда рекъон, кьачIалел руго спортивиял залал. Лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулесул заместитель НурухIма МухIамадовас тIадчIей гьабуна муниципалитеталъул спортивияб бутIаялда бугеб хIалалда.

Лъайкьеялъул политика гIумруялде бахъинабиялъул бицунаго, районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул ва спорталъул отделалъул нухмалъулев Рамазан МухIамадовас абуна: «ХIисаб гIелмуялъул мугIалимазул данделъи тIобитIана Гьоркь Инхоб. Хунзахъ районалъул Хунзахъ росулъ тIобитIараб зоналияб этапалда, хIисаб гIелмуялъе тIоцебесеб бакI ккуна МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул 9 классалъул цIалдохъанас. ЛъикIго хал гьабулеб буго меседил медалазе гIоло кьеркьолел выпускниказул лъаялъул даражаялъул. Заявкаби кьуна «150 школа» республикаялъул проекталде гьорлъе анкьго школа бачиналъе.

2019 соналъул декларациялъулаб кампания иналъул баян кьуна районалъул бетIерасул коррупциялда данде кьеркьеялъул суалазул рахъалъ кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас данделъиялъул хIасилал гьаруна, ракIалде щвезабуна федералиял, республикаялъулал, муниципалиял проектазда гIахьаллъиялъул бугеб кIвар, ахIана киналго бутIаби церетIезаризелъун лъикI хIалтIизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Дун росулъа вас вуго»

### Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МухIамад ракIалде щвеялъе хIалтIи гьабулеб буго

**13 апрелалда Дагъистаналъул хъвадарухъабазул Союзалъул председатель МухIамад АхIмадовасул нухмалъиялда хъвадарухъабазул къокъа ана Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росулъе, республикаялъул халкъияв шагIир, драматург, прозаик, ДАССРалъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи, «ГIагараб росдаде бугеб рокьиялъе гIоло» медалалъе, ЦIадаса ХIамзатил ва** тор АхIмад ГIазизов, шагIирал ГIалихIажи МухIамадов, АсхIабгIали ХIасанов ва цогидалги.

Хунзахъ районалъул нухмалъиялъул рахьалдасан рукъмузеялде вачIана гьеб районалъул бетIерасул заместитель АсадгIали ГIабдуразакъов.

ГIабасил МухIамадил гьудулзаби ва районалъул администрациялъул вакилзаби щвана шагIирасул кьоролай Савдатихъе, зияраталъ ана



**ХъахIаб росулъа МахIмудил цIаразда ругел премиязе мустахIикълъарав ГIабасил МухIамадил рукъ-музеялде.**

Делегациялда гьоркьор рукIана ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул авар адабияталъул секциялъул нухмалъулев, «Гьудуллъи» журналалъул редактор МухIамад ПатахIов, ДРялъул хъвадарухъабазул Союзалъул правлениялъул член, филологиял гIелмабазул доктор, профессор МухIамад МухIамадов, «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов, лъималазул «Лачен» журналалъул ва «Дагъистан» ГТРКялъул авар мацIалда вещаниялъул редактор, шагIир ГIайшат Малачиева, прозаик, Дагъистаналъул тIахьазул басмаханалъул редактор ГIайшат ГIалиева, медицинаялъул гIелмабазул доквъадарухъанасул хабатIе, гьабуна гьесул рухIалдаса дугIа.

Республикаялъул творческияб интеллигенциялъул хIаракатчагIаз ва муниципалияб нухмалъиялъул хIалтIухъабаз дандрана ГIабасил МухIамад ракIалде щвеялъул мурадалда гьаризесел тадбирал. ХIаракатчагIаз суал борхана Дагъистаналъул тахшагьаралъул кьватIазул цоялъе шагIирасул цIар кьезе. ДандчIваялда гIахьаллъараз рахъ ккуна гьеб пикруялъул. Предложениял кьуна шагIирасул рукъ-музеялъул хIалтIи цебетIезабизе, щибаб соналъ гьенир гIабасиласулал литературиял цIалиял тIоритIизе, экскурсиял, филологиялъул мастер - классал, пресс-турал, конференциял ва цогидалги маданиял тадбирал тIоритIизе.

**(Ахир-лъабабилеб гьум.)**

# «Дун росулъа вас вуго»

**(Байбихьи-кIиабилеб гьум.)**

«ГIабасил МухIамадица кIудияб бутIа лъуна Дагъистаналъул адабияталда, маданияталда. Гьес нахъе тана кIудияб рухIияб ирс, Дагъистаналъул машгьурал хъвадарухъаби ва шагIирал гIезариялъе гIезегIанго къуват кьуна. Гьев вукIана рагIул устар, унго-унгояв мугIалим, гIадамазул ракIазул инженер. Дир гIумруялъул рохаралги захIматалги минутаз, дида аскIов ГIабасилав вугев ахIвал-хIал, гьесул гIадаб рахъкквей, гIакьилаб рагIи камичIо. Нилъеца бажарараб хIалтIи гьабизе буго гьудул, гьалмагъ, кIудияб творческияб къисматалъул шагIир ГIабасил МухIамад ракIалде щвеялъе»,-ян абуна МухIамад АхIмадовас.

ГIабасиласул асараз кумек гьабула гIолеб гIелалъе лъикIаб гIамал-хасияталъул тарбия кьеялъе, гьезулъ гвангъарал рахъал загьирлъиялъе. ГIабасилас кIудияб бутIа лъуна МугIрузул улкаялъул адабият, маданият цебетIезабиялъулъ. Гьес тIоцебе къватIибе биччана авар адабияталъе кьучI лъуразул цояв, классик, гIалимчи ва философ Инхоса ГIали-хIажиясул тIехь. Гьев вукIана унго-унгояв редактор. ГIемер соназ хIалтIана Дагъистаналъул тIахьазул басмаханалда, къватIире риччана дагъистаниязул анцI-анцI тIахьал. ГIабасиласул школалда гIун рачIана республикаялъул анцI-анцI хъвадарухъаби, интеллигенциялъул хIаракатчагIи. Гьесул асарал лъугьана халкъияллъун, гьел малъула школазда, рицуна батIи-батIиял тадбиразда, гьездасан хъвана диссертациял»,- ян абуна ХIамзат ГIизудинове.

ГIабасил МухIамадил цIар кьун буго ЛъагIилухъ гьоркьохъеб школалъе, гьесул гIагараб росулъ къватIалъе ва цогидалги бакIазе.

**«Гумбет» РИО**

КIУДИЯБ БЕРГЬЕНЛЪИЯЛЪ 74 СОН ТIУБАЯЛДЕ

# Нилъер ВатIаналда тIад кIкIуй бетидал...

### КIудияб ВатIанияб рагъул лъалкIал

**Бакълъулазул районалъул МелъелтIа росулъа АхIмадибировасул рагъде унеб 1941 соналъ 17 сонцин тIубан букIинчIо. Лага борхатав вукIиналъ ватила, гьев гьитIинго ВатIан цIунизе, 18 сон тIубалелде, рагъде виччаравги.**

Тушманасда данде гьесда цадахъ рагъулел рукIана Игьалиса МухIамад Чупалаев, МелъелтIаса КъурбанхIажи ГIумаров, Исубилав Ханмурадов. Гитлерилаб фашизмалда тIад бергьенлъи босиялъе гIоло бахIарчиго вагъиялъе гIоло МухIамад мустахIикълъана гIемерал шапакъатазе.

Витебскалъе гIоло рагъда МухIамад захIматго лъукъана, цояб бох нахъе къотIизе ккана. ЦIулал бохги лъун, гIемераб заман госпиталалдаги бан тIад вуссана рокъове. ГIанса кодоб ккурав рагъул ветеран гIемер щолаан цIалдохъабазухъе рагъулал лъугьа-бахъиназул бицине. ХIалтIана культураялъул отделалда, колхозалъул бухгалтерлъун, райПОялъул складалда, тукада, МелъелтIа росдал Советалда рагъулаб учет гьабулев чилъун.

* * *

ГьитIинабго Щабдухъ росулъа рагъде ана 41 чи, тIад вуссинчIо 24 чи. Лъаб-лъаб гIолохъанчи лъабго хьизаналдаса, кIи-кIи гIолохъанчи щуго хьизаналдаса ун руго ВатIан цIунизе. Щабхъал рагьана Украина, Латвия, Литва, Польша, Чехословакия, Австрия, Венгрия, Румыния ва цогидалги бакIал тушбабаздаса эркен гьариялъе гIоло.

Рагъда бихьизабураб къокъохIехьеялъе, бахIарчилъиялъе гIоло шапакъатазе мустахIикълъарал рагъухъаби гIемер рукIана Щабдухъ. Гьединазул цоялльун ккола ГIабдулхIамид ШайихмухIамадов, ХIосен ГIумаров, ГIабдулатIип Пахрудинов, ШагIбан Ордашов ва цогидалги.

Рагъдаса тIад руссун хадур МухIамад Мурадов, ХIамзатхIажияв МухIамадов, ГIабдула Вашалаев росулъ жавабиял бакIазда хIалтIана, Ахъбердилав Шахтимировас мажгиталда будунлъи гьабуна.

* * *

Гумбет райвоенкоматалда хIалтIулев вукIарав ЛъаратIа росулъа сержант Залимхан Мирзаев 1942 соналъ ана КIудияб ВатIанияб рагъде. Грузиялъул Сухуми шагьаралда лъелал аскаразул командирзаби хIадурулеб рагъулаб училищаялдаги цIалун, Залимхан витIана Абхазиялъул Ачамчири шагьаралъул контролиябгун пропускнияб пунктальул нухмалъулевлъун.

189-абилеб къвагьдохьабазул полкалда гьорлъ, тушман Кавказалъул кавабахъе лъугьунеб заманалда, Мирзаевги витIана Владикавказалде. Тихорецк шагьаралда тушманасда кьаби щвезабуна полкалъ. Гитлеризазда данде вагъана Краснодаралда, Кубаналда ва цогидалги бакIазда. Щвана гIемерал шапакъатал - орден, медалал, баркалаялъул кагътал. Рагъдаса тIад вуссун хадув Залимхан Мирзаев хIалтIана районалъул дармил идараялъул нухмалъулевлъун (райПО), сбербанкалъул, гIагараб росдал Советалъул, колхозалъул нухмалъулевлъун.

* * *

ВатIаналде тIаде къо ккараб мехалъ, къвекIаб цIумгIадин къватIиве вахъана ЧIиркъатIаса Сабул МухIамад. Колхозалъе нухмалъи гьабулеб букIана гьес КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб соналъ. Гьеб хьулухъ цогидаз тIубазеги тун, МухIамад росуцоялгун рагъде ана.

Рагъда ватIалъана кваранаб гъежалдаса ва рокьове тIад вуссана. Щвана орденал ва медалал. Цояб гъеж гьечIилан хIалхьи гьабичIо Сабуевас. Гьесул хIаракатчилъиялдалъун рагьана ЧIиркъатIа участкаялъулаб больница, мажгит. Буго росулъе гьес бачараб лъим, Сабул иццилан абула гьелде. Гьесул кумекалдалъун гьарурал цогидал хIалтIабиги руго: нухал гьари, магIарде нух бахъи ва цогидалги. МухIамад хIалтIана районалъул финансазул отделалда, 40 гIан соналъ ккуна кодоб вехьасул тIил.

* * *

ГIемер кIудиял гьечIел ТIаса ГьарадирихЪ, Бакьулъ Гьарадирихъ ва Гьоркьа Гьарадирихъ росабалъа ВатIан цIунизе ана 71 чи, тIад вуссинчIо 42 чи, КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда хьван руго гьарадирил бахIарчиял рагъухъабазул цIарал.

Гьарадирихъа Сайпулагь МухIамадов рагъде ана 1942 соналъул риидал. ГIарадачилъун рагъун гьавун хадув витIана фронталде. БачIинахъего ккана хIалуцарал рагъал ругеб Сталинградалде. Сайпулагьица нахъа тана Сталинградалдаса бахъараб Берлиналде щвезегIан рагъулаб нух. Бергьенлъиялъул къо тIаде щвезегIан вагъана тушманасда данде. Сталинградалъе гIоло рагъда мустахIикълъана «БагIараб цIва» орденалъе, гьединго щвана медалал.

Рагъдаса тIадвуссун хадув хIалтIана колхозалда.

Сержант ХIусенхIажи ГIабдулатIиповас ВатIанияб рагъда лъелазул аскаразда хъулухъ гьабуна. ГIагараб ВатIан тушбабаздаса цIунулаго, шагьарал ва росаби гитлериалздаса эркен гьабулаго, халатаб рагъулаб нух нахъа тарав ХIусенхIажие щвана КIудияб ВатIанияб рагъул II даражаялъул орден, Советияб Армиялъ ва флоталъ 30 сон тIубаялъул хIурматалда медаль ва цогидалги шапакъатал.

1951-1973 соназда хIалтIана жанисел ишазул органазда Буйнакск шагьаралда махххул нухлул линейнияб отделалъул нухмалъулевлъун.

Гьарадирихъа Къадимухlамад Къадиев фронталде ана кьун гIарзагун, гьитIинав гIолохъанчи. БахIарчияв рагъухъанасе щвана чанго медаль.

Рагъ лъугIун хадув цIализе лъугьана бухьеналъул агентствоялъул ва отделениязул нухмалъулел хIадур гьарулеб Ставрополалъул краевияб училищаялде. ХIалтIана бухьеналъул отделениялъул нухмалъулевлъун Хунзахъ районалъул ГIарани, Харахьи, Бакълъулазул районалъул Гьарадирихъ росабалъ.

**Къурмагьиз ХIадисова**

ДОКУМЕНТЫ

# Собрание депутатов сельского поселения МО «Сельсовет "Аргванинский"» за 2018год

**от 1 марта 2019 г. №2** **Решение** **с.Аргвани**

## Об утверждении отчета об исполнении бюджета СП «Сельсовет "Аргванинский "» за 2018 год

Руководствуясь Бюджетным кодексом Российской Федерации и Феде-ральным законом Российской Федерации от 06 октября 2003 года №131-ФЗ « Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Бюджетным Законодательством Республики Дагестан, Уставом АСП «Сельсовет "Аргванинский"», послушав доклад главы сельского поселения об исполнении бюджета МО «Сельсовет "Аргванинский"» за 2018 год Собрание депутатов:

РЕШАЕТ:

Утвердить отчет об исполнении бюджет МО «Сельсовет "Аргванинский"» Гумбетовского района за 2018 год

По доходам в сумме 5673,9 тыс. рублей, согласно приложению №1 к настоящему решению

По расходам в сумме 5833,1 тысяча рублей, согласно приложению №2 к настоящему решению, (источником финансирования дефицита бюджета 2018 года является остаток бюджетных средств на 01.01.2018 г. - 488,5 тыс.руб)

Для информирования населения настоящее решение опубликовать в районной газете «Гумбет»

**Председатель Собрания**
**А.А. Ибрагимов**

**Приложение №1**
**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Аргванинский "» от 1 марта 2019 г. №2**

**Доходы бюджета сельского поселения «Сельсовет "Аргванинский "» за 2018 г.**

**(тыс. руб.)**

| Наименование показателей | КОДЫ классификации доходов бюджета | План на 2018 год | Фактически исполнено за 018 год | % исполнения |
|---|---|---|---|---|
| Налог на доходы физических лиц | 18210102010011000110 | 140,0 | 152,9 | 109,2 |
| Налог на имущество физических лиц | 18210601030100000110 | 150,0 | 155,4 | 103,6 |
| Пения на налог на имущество физич.лиц | 18210601030100000110 | | 5,4 | |
| Единый сельскохоналог | 182 | 5,0 | | |
| Земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033101000110 | 391,0 | 487,6 | 124,7 |
| Пения на земельный налог(пп1п1ст394) | 18210606033102100110 | | 1,0 | |
| **ИТОГО СОБСТВЕННЫХ ДОХОДОВ** | | **686,0** | **802,3** | **117,0** |
| **БЕЗВОЗМЕЗДНЫЕ ПОСТУПЛЕНИЯ** | | **4874,8** | **4871,6** | **99,9** |
| **Дотация сельскому поселению из ФФПП** | **00120201001100000151** | **3869,0** | **3869,0** | **100,0** |
| **Субсидии в т. числе** | | **902,0** | **902,0** | **100,0** |
| Субсидии бюджетам поселений на строительство, модернизацию, ремонт и содержание автомобильных дорог общего пользования | 00120202041100000151 | 350,0 | 350,0 | 100,0 |

**(Продолжение-на 4 стр.)**

(Начало - на 3 странице)

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| Прочие субсидии бюджетам сельских поселений | 0012022999100000151 | 296,0 | 296,0 | 100,0 |
| Субсидии бюджетам поселений на выполнение переданных полномочий | 0012020401410000015 | 256,0 | 256,0 | 100,0 |
| **Субвенции** | | **103,8** | **100,6** | **96,9** |
| | **в том числе** | | | |
| ЗАГС | 00120203003100000151 | 11,0 | 7,8 | 70,9 |
| Выполнение полномочий по первичному воинскому учету на территориях, где отсутствуют военные комиссариаты (ВУС) | 00120203015100000151 | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| **ВСЕГО ДОХОДОВ** | | **5560,8** | **5673,9** | **102,0** |

**Приложение №2**

**к решению Собрания депутатов сельского поселения «Сельсовет "Аргванинский "» от 1 марта 2019 г. №2**

**Исполнение бюджета сельского поселения «Сельсовет "Аргванинский "» за 2018 год**

(тыс. руб.)

| Наименование | адм. | Рз | ПР | ЦСР | Лимит бюджетных обязательств на 2018 год | Кассовые выплаты за 2018 год | % выполнения |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| **ВСЕГО** | | | | | **6065,7** | **5833,1** | **96,2** |
| **Общегосударственные вопросы** | **001** | **01** | **00** | | **2643,4** | **2585,7** | **97,8** |
| Функционирование Правительства РФ, высших исполнительных органов госуд.власти субъектов РФ, местных администраций | 001 | 01 | 04 | 9900010040 | 2643,4 | 2585,7 | 97,8 |
| **Национальная оборона** | **001** | **02** | **00** | | **92,8** | **92,8** | **100,0** |
| Мобилизация и вневойсковая подготовка (ВУС) | 001 | 02 | 03 | 9980051180 | 92,8 | 92,8 | 100,0 |
| **Национальная безопасность и правохранительная деятельность** | **001** | **03** | **00** | | **11,0** | **7,8** | **70,9** |
| Органы юстиции (ЗАГС) | 001 | 03 | 04 | 9980059300 | 11,0 | 7,8 | 70,9 |
| **Национальная экономика** | **001** | **04** | **00** | | **392,5** | **340,2** | 86,7 |
| Дорожный фонд | 001 | 04 | 09 | 9900040200 | 392,5 | 340,2 | 86,7 |
| **Жилищно-коммунальное хозяйство** | ***001*** | ***05*** | ***00*** | | **1930,0** | **1814,4** | **94,0** |
| Благоустройство | *001* | *05* | *03* | *9900040010* | 1930,0 | 1814,5 | 94,0 |
| **Иные межбюджетные трансферты** | ***001*** | ***08*** | ***00*** | | **924,0** | **924,0** | **100,0** |
| **Физкультура и спорт** | ***001*** | ***11*** | ***02*** | ***9900090100*** | **72,0** | **68,2** | **94,7** |

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Внимание: корь!

**Источником инфекции является больной человек. Восприимчивость к кори очень высокая. Заражаются практически все незащищенные лица, имевшие хотя бы кратковременный контакт с больным корью. Клинически корь протекает с высокой температурой до 40оС, насморком, конъюнктивитом.**

С 4-5 дня заболевания появляется сыпь. Характерна этапность высыпания – сначала сыпь появляется за ушами, на лице и шее, далее – грудь и туловище, затем – на руках и ногах. Осложнения наступают у каждого 15 заболевшего корью. Могут развиться воспаления уха, придаточных пазух носа, легких, а также воспаление мозговых оболочек, приводящие к необратимому повреждению головного мозга. Возможны эпилептические припадки, поражение роговицы глаз и слепота, потеря слуха и др. Бывают и летальные исходы заболевания. Сделать прививки против кори в медорганизации по месту жительства может любой гражданин РФ, не болевший корью и не имеющий сведений о прививках против кори.

Плановая вакцинация детей проводится в 1 год и ревакцинация в 6 лет. Плановая иммунизация взрослых, не имеющих сведений о прививках, проводится в возрасте до 35 лет, а также до 55 лет прививаются лица из «групп риска» - работники лечебно-профилактических учреждений, образовательных учреждений, социальной сферы и коммунального обслуживания, работники транспорта и торговли. Угрозе заболевания подвергаются не болевшие корью, не привитые или привитые однократно. Особую опасность заболевание представляет для детей в возрасте до 1 года, не подлежащих прививкам по возрасту, а также для детей до 5 лет, относящихся к «группе риска» в связи с риском возникновения осложнений. Сделать прививку и предупредить заболевание или облегчить течение болезни проще, чем подвергать себя риску заболеть тяжелой формой кори.

**Роспотребнадзор_рд стопкорь05**

## Спортивные успехи наших земляков

На чемпионате Дагестана по волейболу успехов добились команды, в которых участвовали выходцы Гумбетовского района. Так сборная г.Хасавюрта (в возрастной категории 2001г) под руководством нашего земляка из с.Читль Хизбулаха Сайпудинова заняла первое место. Также первенствовала команда в возрастной группе 2003г/р и моложе, в которой участвовал выпускник Ново-Аргванинской СОШ Магомед Ибрагимов, который в дальнейшем будет играть в составе сборной команды Дагестана.

**РИО «Гумбет»**

СОЦИАЛЬНАЯ ПОЛИТИКА

# Информация для получателей социальных выплат

**Важно до 31 мая 2019 года обновить, приостановленные выплаты ЕДВ по ЖКУ.**

Уведомляем о том, что по всем категориям получателей ЕДВ по ЖКУ, которые не предоставили в УСЗН в МО «Гумбетовкий район» нижеуказанные сведения, выплата приостановлена с 01.12.2018 года.

**Для возобновления выплаты необходимо представить:**

- федеральным категориям льготников (инвалиды, семьи, имеющие детей-инвалидов, инвалиды войны, участники ВОВ, члены семей погибших (умерших) инвалидов войны, участников ВОВ и ветеранов боевых действий, участник ликвидации последствий аварии на Чернобыльской АЭС); ветеранам труда, реабилитированным лицам - сведения о фактической оплате за коммунальные услуги за 2018 год и сведения об отсутствии задолженности или соглашение о погашении задолженности;

- многодетным семьям необходимо представить сведения о доходах каждого члена семьи, сведения о фактической оплате за коммунальные услуги за 2018 год и сведения об отсутствии задолженности по коммунальным услугам или соглашение о погашении задолженности;

- специалистам в сельской местности (педработники, культработники, ветработники, соцработники и медработники) необходимо представить сведения об отсутствии задолженности по коммунальным услугам или соглашение о погашении задолженности;

Если вышеуказанные сведения не будут представлены до 31.05.2019 года, то выплата будет прекращена, перерасчет за предыдущие месяцы не производится. В этом случае необходимо будет обратиться с новым заявлением и представить весь пакет документов на новое назначение, которое будет осуществлено с даты обращения.

**Информация касается для тех, кто еще не принe сведения об отсутствии задолженостимза 2018 год**

Кто принес, должны прийти в конце 2019года, в ноябре до 1 декабря 2019 года - сведения об отсутствии задолженности по коммунальным услугам или соглашение о погашении задолженности; - за 2019год.

**По всем возникающим вопросам, просим обращаться в УЗСН в МО «Гумбетовский район»**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал:
ГIайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1063
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №___

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.